

Nimewo 28.1

DEKRÈ EGZEKITIF

DEKLARASYON IJANS POUTÈT KATASTWÒF NAN ETA NEW YORK

KONSIDERE KE, dapre seksyon 362 ak 365 Lwa Sèvis Sante Piblik (42 U.S.C §§ 362 ak 365, ak règleman aplikasyon nan 42 C.F.R. § 71.40, nan 2 out 2021, Direktè Sant Kontwòl Maladi Etazini (Center for Disease Control, CDC) te pibliye yon *Re-evalyasyon Sante Piblik ak Òdonans pou Sispann Dwa pou Entegre Sèten Moun ki soti nan Peyi Kote Yon Maladi Kontajye ki Sijè a Karantèn Egziste* ("Òdonans Tit 42 la");

KONSIDERE KE, Òdonans Tit 42 a entèdi migrasyon "etranje ki kouvri" nan peyi Etazini ki vwayaje soti Kanada oswa Meksik (kèlkeswa peyi orijin yo) ke, yon lòt fason, t ap entegre nan yon anviwònman kolektif nan yon pò antre oswa nan yon estasyon Patwouy Fwontyè Etazini nan oswa toupre peyi Etazini ak fwontyè kotyè adjasan yo;

KONSIDERE KE, menm avèk Òdonans Tit 42 a an vigè, yon gwo kantite imigran ki gen bezwen lojman ak sèvis imedya te rive nan Vil la ak Eta New York pandan plizyè mwa ki sot pase yo: Vil New York, poukont li, ap bay lojman tanporè nan moman an pou 36,738 imigran ki soti nan fwontyè sid la, yon kantite ki te ogmante pa 12,279 moun depi janvyè 2023; ak yon lòt 1,578 moun nan sèlman semèn pase a.

KONSIDERE KE, Òdonans Tit 42 a ap ekspire nan dat 11 me 2023, epi, lè Òdonans Tit 42 a ekspire, yo prevwa pral gen yon vag migrasyon nan peyi Etazini ki se akòz arive iminan moun yo nan Vil la ak Eta New York nan yon pousantaj ogmante de sa ki prevwa pou plizyè milye lòt moun k ap chècheabri chak semèn;

KONSIDERE KE, sipò federal enpòtan anpil pou sipòte Vil New York ak lòt gouvènman lokal nan Eta a ki manke enfrastrikti, enstalasyon, ak resous ki nesèsè pou satisfè demann imanité imedyat pou loje ak satisfè lòt bezwen debaz arive gwo kantite imigran; epi

KONSIDERE KE, arive plis kantite imigran k ap chècheabri nan Vil la ak Eta New York yo prevwa agrave yon kriz imanité ki deja a gwo echèl epi kreye yon ijans katastwòf kote gouvènman lokal yo pa kapab byen reponn, sa ki kreye yon menas pou sante ak sekirite, ki ka lakòz pèt lavi oswa pwopriyete; epi

KIDONK KOUNYE A, MWEN MENM, KATHY HOCHUL, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Konstitisyon Eta New York la ak Seksyon 28 Atik 2-B Lwa Egzekitif la te konfyè mwen, avèk dokiman sa a, mwen pwolonje eta dijans akòz katastwòf jan sa tabli nan Dekrè Egzekitif Nimewo 28 lan, epi mwen kontinye kenbe anvigè tèm, kondisyon, ak sispansyon yo ki nan Dekrè Egzekitif Nimewo 28 la, jiska 26 jen 2023.

ANPLIS DE SA, avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispann oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt òganis pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, mwen sispann oswa chanje pwovizwaman, pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a antre an vigè a jiska 26 jen 2023, lwa ki annapre yo:

- Kòd Inifòm sou Prevansyon Ensandi ak Konstriksyon Eta a; Kòd Konsèvasyon Enèji Eta a; Kòd Konstriksyon Vil New York; Kòd Ensandi Vil New York la; Kòd Sanité Eta a ak nenpòt ak tout kòd sanité lokal yo; ak tout lwa, òdonans, règ, règleman eta ak lokal yo, ak kòd ki gen rapò ak administrasyon ak aplikasyon lwa sa ki endike anwo a, nan limit ki nesèsè pou pèmèt, sou apwobasyon pa yon ajans eta a ki pèmèt yo fè konstriksyon, epi ki sijè a tèm ak kondisyon jan ajans eta a ki pèmèt konstriksyon an ka preskri, itilizasyon ak lokasyon ansyen Etablisman Koreksyonèl Lincoln la nan Konte New York pou sèvi kòm lojman tanporè.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany nan
vonnsetyèm jou mwa me nan ane de mil venntwa.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a